

Kantor & Drukkerij  
Pasarstraat 36.  
Telefoon No. 51

Hoofdredactie: Bakrie Soeratmadja (Verlof) sareng A. S. Tanoewiredja

Agent-agent Sipatahoenan: de Globe di Amsterdam, Fortuna di Kebondatiweg No. 5 Bandoeng telefoon No. 2665  
R. Achmad Sobandi Garoet, R. Moehanda di Tjandjoer, Karnasoedirdja Gang Mantarena 10 Bogor, sareng D. Wirianata di Tjiamis

Telefoon:  
A. S. Tanoewiredja No. 121  
Heerenstraat No. 14

No. 62

Rebo 18 Maart 1931 — 28 Sawal 1349

Taon ka 8

## Wartos ti Redactie.

Dinten ieu kaloearna Sipatahoenan henteu sapertos biasa, doepi noe djadi margi reh djrg. Bakrie noedjoe verlof keneh tea kawoe-woeh djrg. Tanoewiredja henteu damang.

Moegi ditawakoe.

**Loor Indonesia**

**New York dina taon 1980?**

William Fox geus ngaloeurkeun film anoe dingaranan „Just Imagine”. Maksudna teu koerang teu leuwih wangwangon (fantasie) koemaha kaayaan na kota New York (anoe ajeuna geus djadi wereldstad) dina taon 1980, alias 50 taon ka hareup. Djaba ti kitoe teh oge kahiropan djeung kalakoean dijilma di eta nagara. Gedong gedong djeung adegan noe se djen tjeuk noe bohong mah siga soeudoel ka langit, loba djilma anoe matoehna dina verdieping loehoer mah teu ngalaman nin tjak taneuh, lantaran njanjaban geus make kapal oedara bac, teu beda dieung noe ajeuna ma ke mobil.

Koe pasociwerne kapal oedara di loehoerun eta kota New York, kapaksa politie kapapan tjeunan ngadja djalan, ala stop vrij saperti di kota oerang bac, dina balon anoe tjeuing di awang awang. Noe baroga kapal oedara teh henteu perloe ngabogaan lapang lega keur ngapoeng atawa toeroen, lantaran henteu njeleung saperti anoe koe oerang geus kapanggih di dieu, eta mah bisa toeroen laloeunan saperti noe ragrah bac, kalawan ngagoenakeun kipa dina djung djungna kenja katoeoe. Kasjaja gedong gedong djeung roemah tangga matak hemeng noe nendjo, moedji kana kamadjoeanana tehnik di Amerika, sagal-roepa teh matak bengong djeung ololok bac. Hiroep koemboh djilma ka hareup mah beda pisan djeung ajeuna, oepamana bac dina atoran kawin, aweue teh gede kakawasaan, meh teu beda djeung lalaki di oerang ajeuna. Anoe leuwih loetoe, majit bisa dihiropan deui, hidji djilma anoe koeagi ngalaman hiroep dina taon 1930.

Kabengongna eta djilma noe kakara hoedang teh roepana maal beda djeung olo- hokna bangsa oerang ajeuna noe „koereng batok” datang ka New-York, kaget koe s-gal galana. Dahar seubeuh koe dha reuun sagede kaletji, nja kitoe deui nginoemna tjeokoe koe neurouj saroepta tablet, sagede tablet kina. Anoe hajang boga anak bisa meuli, nja tokjan, orok aweue lalaki.

Nja dina waktos eta pisan oerang Amerika toeloes njaban ka Planet Mars, make saroepta kapal oedara noe lila bac anoe keur djaman ajeuna, tapi nge model keur taon 1980. Koe bisana anoe ngawangwang, nepi ka oerang nendjo kaayaan dina bentaog teh siga enja, saroepta djeung impian anoe teu poe- goeh asa di mana, poe goeh njaba ka doenja sedjen. Tah saktioe napsonea manoesa kana kamadjoean teh, sanadjan loba pamohalanana (overdrijf) oge teu welch bac moedji mah, geus bisa ngarang kaajaan doe- nja dina 50 taon ka hareup.

Ajeuna koemaha kaajaan In- donesia dina taon 1980???

Lima poeloch taon deul, arep arep bac . . . . .!!!

## Pakasaban

### Tjeurikna aki patani.

Nicomponn kana perdjing- dian koering, sanggem bade nga daerkeun tina bab kalapa, anoe dina Sipatahoenan dinten Salasa ping 10 3 '31 no. 53

Oepama oerang ngandja: ka toekang tani, komo oepama ngandjara ka pemkoengna Tia mis mah, kawantoe didinjah mah tegelna kalapa teh, tangtos pisan koe oerang kakoepling geroengna oerang kampoeng, tjeurikna aki patani.

Samemeh oerang disoehoehan ngopi, tangtos pisan, manehna ngawangkongkeun tina bab kalapa moerah.

Ajeuna hara kalapa, rata rata dina seratoerna ngan f 2, saktioe teh kedah kalapa noe pangsaena, da kalapa bisa mah moeng 18 ketip.

Koe lantaran katjida moeraha, oerang desa teu welch nijar sarekah, koe manehna henteu di djoel hoeloean, nangng diboe tik didjieun kopra.

Koe sangsaan tadi mah soe- gan ari dikopra mah aja oge ngangsrodna saeurik-eutikeun, na moeng beu edas, ti butan aja pi- rikna mah, kelah ka tambah moeraha, sabab boeroeh nang- goeng saktioe tebihna. Saradina mah teu bisa ngangsrod oge, stoeh bisa-bisa saroepta djeung didjoel hoeloean, da ari dikopra mah boga batak djeung tapas, keur soeloch.

Sanggeus dintal otjal didjieun kopra hargana beuki ka handap, teroes make djalan sedjen

Prak dikeleulik, tapi eta oge moerah keneh bac, siba b oge- gawena koedoe diberoehna, dia ba noe bogana ngesang da koe doe miloe digawe.

Katjida soesahna pikeun oer- rang desa mah, kalapa teu pajoe teh, sabab noe djadi poko hajang doelit, moenggoeh di kampoeng mah teu aja deui ilan ti kalapa. Hajang meuli badjoe kampret ngadagoan ladang kalapa, meuli oelah tarasi ngadago ladang ka- lapa enz.

Koemaha moen teu pajoe ka- lapa?

Beu katjida pisan, pikeun koe ring mah soesahna teh, beh di toeueun ti soesah. Koemaha ba- jar padjeg, da kalapa anoe di randoenkeun.

Koe lantaran kalapa katjida moeraha, ari kyperloeun mah loba, majar padjeg, stor, balan- dia, enz, toeloei dintal-otjal di gadekeun tangkalna ka noe tja- roekoe. Tapi edas, mani hajang tjeurik djeuritan sing maratan langit, bawaning koe djengkel, teu inggis deul noe nawar teh ngan 4 ketip satangkal, paling oedana 6 ketip. Amboeing, na- teu aja pisan, adjena kalapa teh geuaing!

Dina waktos ieu teu heran deul, oepama aja toekang tani gadjilg tina djangdji, tjdra tina sorbaja teh.

Koe toekang ngoeroes doelit di bank, boh di Volkscrediet- bank boh di bank desa, tangtos pisan ajeuna karaos, sareng oen- inga, sabaraha poeloch atanapi raotes anoe teu acjepan djang- djilma?

Lebah dieu anoe noelis teu kawawa koe nilangna, katjida watirna ka aki patani:

Sang meleset rupeana masih teroes rongkah ngamoekna, geu- ra ieu di handap mangga tinga- ti.

Keur mah kalapa teh katjida moeraha, hajab beubeuangna nana oge katjida toeroenna; anoe blassa meunang 1000 siki dina saboelan af4-f40, ajeuna mah ngan 400 siki af1 80-f7.20, ki- toc uge kotor, ongkos ongkos f1 djaba dahar, djadi beresih na ngan f6,20.

Sabaraha bedana djeung ka- toekang toekang?

Mangga etang, geura toeroen na teh mani f40-f6.30-f33.80.

Loba pisan oerang kampoeng anoe njarita, tjeunah palangsiang doelit teh rek leungit. Meureun kapaksa hajang barang noe aja di batoer teh koedoe oeroep oeroepan (diteokeuran koe ba- rang noe aja di oerang).

Tah koe sabab kitoe, koering njeohoekun kamandang ka noe parantos loehoeng elmoena, djembar kuisana, moegi kersu ngadadarkeun dina lapang Sipa- taohenan, koemaha akalna sang- kan kalapa tiasa ngangsrod pa- ngosna?

Koering ngadsarkeun tina bab kalapa teu tiasa pendjang, margi teu kaemot pikeun ngu- madjoekunana.

Mangga njangakeun ka noe legok tapakna, genteng kadekna. Manawi aja waktos ka pajoen bade ngadadarkeun tina bab gae- la kawoeng.

Oerang kampoeng.

## Pergerakan

### Openbare Vergadering Pasocndan

di Bandung ig. 8 Maart 1931 (Samboengan Sip. kamari).

Pasocndan-maal oenggoet ka kalindoean, maal gedag kaangi- nan, sanadjan koemaha oge, ka- rana maal kaloeur tina tangtoeng djeung maksoedna Pasocndan pribadi.

Koemargi kitoe, panoetoept- tjarios, tjeuk spreker; moegi- moegi ka sadaja para sadereh, dina oerang aja di salah sahidi- pagoejoeban, boh pagoejoeban naon bac, pagoejoeban oelah rek pagirang-girang tamplan (applus).

Satamton, sadaja kasoeran djoeragan Soetisna Sendjaja di- noehoekun koe djrg. Voorzit- ter; sareng andjeuna njaroeng soem, hal babandjina antara pagoejoeban Pasocndan djeung pagoejoeban politiek noe sedjen noe aja di Indonesia. Njeohoek- un koe soepaja sadaja oerang In- donesia soep ka salah sahidi- Nationale-Vereeniging; anoe di- oedag koe Pasocndan, tjeuk spre- ker; oelah hiroep teu aja mak- soet, leumpang teu poe goeh ane disedja.

Roadvraag.

Anoe moendoes njarios, dioe- ragan djoeragan: Djoedjoe, Hvr- djo, Rg. Mochamad, sareng Djrg. Padma.

djrg. Djoedjoe: Ngawangsoe- lan kasoeran djrg. Soetisna, jen Pasocndan teh hajang beug- har, hajang pinter; anoe matak koedoe ngahidji.

Aja paribasa sepoeh, tjeuk spreker; leumpang oelah sasan- bian, barangbeuli papstoengan. Ieu paribasa sajakotna, koe emoeun djsim koering, dina djaman ajeuna mih, geus teu lakoe; da boektina anoe sac teh, koedoe bisa hiroep koemboeh.

Saperos ajeuna di Bandung, tjeuk spreker: aja kempelan „oesaha Boemi peetra” (O. B.) sareng Cooperatie Istri Boemi peetra (C.I.B.) Koemargi kitoe panoehoek na sadaja para sad- rek, soepados ieu pagoejoeban kersa ngamadjengkeunana.

Djrg. Hardjo. Para djoeragan sadaja! djsim koering ngagoe- paj ngahiap hiap, moegi moegi sadaja doeloeur doeloeur kersa saroepta kana pakoempolan, anoe teu ngalanggar kana papa- gon nagara.

Soemangga koe djoeragan djoeragan tarlingali tjeuk spreker;

soek komo di bangsa oerang si- leutik, geuning di bangsa deun- geun oge. anoe baleunghar, saperti V. C. Tjong Hwa kabeh pada baroga pakoempolan. Nja kitoe deui bangsa pagawe P. G. H. B. peudekna ti handap nepi ka loehoer, saperti Regenten Bond. Eta teu aja lian, ngan pikeun ngaludcan daradjata.

Djadi oepama oerang rek- tjeurikna teh, estoe salah ka- tjeurikna djeung saeupama kitoe teh, saeop kana paribasa: „Lir pitik keuninglag log bijoeng” (tjeok- tjeuk).

Oepama oerang ngahalang ha- lang, beuki moetoech, estoe jakin- teu boga panarima.

Soemangga tarlingali: Dina ta- oen 1918-1920 pahibot hal karaman dagang; kaajaan na so- mah oentoeng sagala hasil boe- mi lakoe, menak oentoeng lau- taran tambah balandja.

Ari ajeuna, djol alam meleset, sugala moerah gadjilg ditoeoen- toeroenkeun. Koe niagal kaajaan saroepta kitoe, djadi jakin jen- ieu teh henteu tinggal, stawa aja „gagajoeanana.”

Ajeuna njimpang kana tjario- san bahule, wirch kapoengkoer dina verg: ti pajoen, didadar- keun halna Bandung kakirangan- tjar, panoehoek soepaja Pasoen- dan satiasa tiasa oelah welch- ichtiar pikeun noeloeng kaboe- toehna oerang Bandung reudjeung- kasoeshana anoe sawanna kaban- djiran, lantaran teu aja pami- tjeunana.

Djrg. Rg. Mochamad. An- djeuna njamboeng tjarios, tina- perkawis Reg. Raad sarta katjida ngapoehoekunana, rek koe- djrg. Voorzitter parantos die- rangkeun pandjang loear tina- kasoeshana; nja kitoe deui, hal- ajana stoean Rooiwezen, pikeun ngadja kana kasehatan- oemoem, sangkan di imah imah- oelah loba teuing sajang beurit, anoe osok ngadatangeun asalna- panjakit pest.

Sajektosna, tjeuk spreker, sana- djan dipriaji oge, seueur ke- neh anoe henteu ngamanah- kana djoeragan, koemargi kitoe, sunget panoehoek pribados, sana- djan Pasocndan henteu tjam- poer tina perkawis Agama, moegi Pasocndan kersa ichtiar, sareng ngadadarkeun di sana- sana tempat, soepaja djilma- djilma sami dsarek, masrah- keun majitna disoentik.

Ari margina, kantoean djrg. Voorzitter oge tingali, jen panja- kit Pest teh, hidji panjakit anoe- teu staja aja pioebareunana. Noe- katingal koe pribados, noe ma- wi djilma djilma teu marikeun- majitna disoentik teh, eta teu aja- lian, ngan koe lantaran; „pera- saanana ieu stjan ng-hidji” teu- djeung pikiranana.

Lantaran oepama perasaan- tea- geus ngahidji reudjeung pikira- nana, nja di dinja ajana kasam- poerana.

Koemargi kitoe, sakali deui- nja panoehoek ka djrg. Voor- zitter, moegi moegi djoeragan- kersa ichtiar sareng issa, mitoe- han tina perkawis Miltipariteit.

Djrg. Padma njeohoekun ka- Pasocndan, reh tadi koe djrg. Voorzitter ditjarokeun, Bandung- aja kamadjoeanana, moegi tina- perkawis kasehatan oge, di are- moetkeun; oelah doemoegi ka- di Tjikaboepoetan seueur anoe- kabandjiran, nja kitoe deui di- Tjimenjan moegi diajara pami- tjeunna kotoran.

Djrg. Voorzitter nganoehoek- un ka sadaja anoe sami sawa- la; nja kitoe deul ka djoeragan- Rangga hal pamoendoena, satia- sa tiasa Pasocndan bade ichtiar- sareng ngabantoe; oge koe an- djeunna diterangkeun, jen di- Tasikmalaja parantos diajakeun- cursus Higiene kange goeroe- goeroe, anoe diloeleogoean koe- djrg. Dokter Soekardjo sareng- dokter Soedirman.

Djrg. Abobakar, wakil B. O. tjabang Tasik, njarios koe basa- Indonesia, nerangkeun hal- ka- jaan Poliklinik di Bandung. Kitoe deui, koemaha sabab- sababna anoe matak B. O. nga-

bogaan tjilma tjita hajang ngaja- keun eta kliniek. Eta teu aja- sanes, wirch kotimbang sarta- katjida perloeana, di Bandar- diajakeun pikeun ngidjaga ka- sehatan oemoem.

Nja kitoe deui koe andjeunna- didadarkeun, sanggeusna P. Kli- niek ngadeg, beuki dieu beuki- tambah-tambah anoe daratna, asal mimiti 305 ajeuna djadi- 345 saboelan djadi tetela katjida- jen di Bandung teh, katjil mang- paatna diajakeun „Lir pitik”.

Tatapi, tjeuk spreker, oepama- ningal kaajaan finansiel, beuki- dieu lain beuki tambah, stapi- beuki moendoer. Padahal, tang- toe sadaja oge tarlingali, jen- pi- keun njageurkeun (ngnebaran- kasakit teh) koedoe make wra- gad, sabab oebarna koedoe di- beuli.

Koemargi kitoe, panoehoek- na sadaja para djoeragan-djoe- ran, soepaja sami kersa noen- djang, kana ieu Kliniek, anoe- goenana pikeun kaperloeun oe- rang Bandung sakoemana.

djrg. Voorzitter, nganoehoek- un sareng ngamoegi moegi, soepaja maksada B.O. tiasa ha- sil; sareng agueung kapertjantjean- na para sadereh, anoe aja di- Bandung, soepaja sadaja kersa- noendjang, kana maksada.

Koemargi, teu aja deui noe- bade njarios, sareng noe ditjari- oskeun, ladieng Ovenb. Verga- dering ditoeoep, sareng diteras- keun koe Besloten-Vergadering.

I. djrg. Voorzitter toemaras, ka sadaja djrg. leden Kring Ban- djar, koemaha maksada, para- sadereh di Bandung, naha bade- tetep Kring atanapi ngadeg Tja- bang.

Vergadering, moetoeskeun nga- deg Tjabang.

2. milih Bestuur.

Anoe kaping nja eta: para- djoeragan djoeragan:

Hambali Voorzitter.

Hardjoproewita Vice

Djoedjoe Secretaris.

Estang Natawidjaja Penning- meester.

H. Abdoerrahim Commissa- ris.

Ardliwinata Commissaris keur- Padaherang.

Soelaeman Commissaris keur- Pamaritjan.

Adiwidjaja Commissaris keur- Bdj. Sarie.

Tabri Commissaris keur- Sideredja.

Roadvraag:

Teu aja noe njarios; saladjeng- na kira pk. 2.15 m. vergadering- ditoeoep kajejan willoedjengna.

Verslaggever.

Djsim koering ngadjerit ka- para istri, somawonten ka pame- get, tjing atoech oerang silih age- han, oelah sapertos paribasa: „ka kembang malati” ari anja- ran diambang, geus tajeo te- ras dipitjeun.

Koe margi eta teu aja saer, manawi ieu seratan djsim koe- ring tiasa diunggo ngeunteung- koe para pameget, sakoemaha- pinlangseunana istri anoe di- diteokeun, oepama teu toeah- teu dosa. . . . .

Saha deui bade, anoe bade- njait daradjata istri, tina lom- bang kanalngsaan atanapi kahl- aan, lian ti pameget?

Sinareng moegi djadi pange- moet ngemoet kanggo ka Djoe- ran Djoeragan Loerah, Amil- Amil, anoe kapantjengan kedah- marios sedeng henteuna oemoer- na anoe bade ditikshkeun; soe- mawonten ka Djoeragan Djoe- ran damel kaom; panoe- hoek teh boh bilih bac aja- istri istri anoe teu arjan sawawa, bok bilih ngaresak kana kascha- tana.

Sana pisan djsim koering si- rik pidik atanapi ngewa, bilih- aja istri istri anoe aralit keneh, moegi moegi oelah waka karere- sa ditikshkeun bilih ngaresak- kasehatan.

Hatoer timpah poehoek ka- Djoeragan Redactie, reh ieu- seratan djsim koering dilebet- keun kana serat kabar Djoe- ran, manawi aja faedah kang- go oemoem.

Hormatna  
Nji Neneng

## PELET

Pelet teh tjeuk noe achli- tschajoei mah paranti agagan- tjengkeun kana hasilna kabang- gan oerang.

Dina ieu s.k. saban poe Sap- toe diajara advertentie noe la- leutik, dina saban 5 regel

## F 1.

CONTANT.

Sing saha anoe palaj enggal- ngitjaikeun barang atanapi naon- bac, oelah lali kana advertentie- PELET.

Kintoean tekst salamina- kedah disarengan koe artosna, anoe henteu, oelah bendoe- oepami advertentie tea henteu di- moeat.

Administratie.

## Gentra Istri

### Kedah diraoskeun.

Djsim koering bara bara oge- toelustoeis dina soerat kabar, ajeuna mah kapaksa kadjoe- roeng koe hite, kedah ngaloe- keun teu tjarios dina Sipatahoe- nan, manawi aja ting-ileuana- kanggo ngeunteungan salira, boh- istri somawonten pameget.

Sarehna djsim koering ni- ngal hidji Istri, gadoeh salaki- kahidji djalmi sedengna bac- (bangsa terpeladjar), malah ka- goengan padamelan.

Koe margi laki rabina pran- tos lami, nja doengkap ka ga- doeh boedak.

Nanging kamari ieu, katjida- matak ngenes ngeusia, oedjoeg- oedjoeg preng bac pipisahan- (bodjona ditolsk), padahal sapa- ningal djsim koering, aweue- anoe keur saktioe toehoena- ngestona.

Tah doengkap ka kitoe daradja- na istri teh. Sing boreng, war- osna eta pameget teh bade gar- waa deul, ka hidji parawan- oerang kampoeng sareng desa- Balong Ratoe, Soemedang, sarta- eta parawan teh katerang djsim- koering alit keneh, teu atjan se- deng ditikshkeun, malah oemoer- na oge kirang langkoeng 13- (tiloe welas taon).

## LOTERY NEMBE

Indische comite tot steun- van de stichting verblijf- van den oud Indischen- Militair C. S.

Prijnsa ditambihan, nja eta:

1	prijns	f 100.000
1	prijns anoe	f 50.000
1	prijns anoe	f 25.000
10	prijns anoe	f 10.000
20	prijns anoe	f 5.000
100	prijns anoe	f 1.000
250	prijns anoe	f 500
4000	prijns anoe	f 100
4383	prijns,	djoemlah sadajana f 1.000.000.

Pangas 1 lot f 11.  
Aangeeekend f 0,35.

— Rembours henteu dikirim. —  
Koe margi ajeuna mah kans na- 4 kalieun ti kapoengkoer, teu- kinten oetamina oepamin ngala- leuh elot pangpajoena, nja eta- soepados kenging elot pangsaena- sareng tangtos moel sepeueu.

Firma POP.  
TASIKMALAJA.

Boekoe  
Soengkemam Geloeng  
kenging Narajana  
à F 0.30—  
Adm. Sipatahoenan.



# Kamoendoeran Economie oerang priboemi.

Saha noe wadjib (baris) noengtoen kana peroesahaanana oerang priboemi?

Kamoendoeranana oesaha oerang priboemi teh, asana geus teu koedoe pandjang diwangkeun keur deui, da poegoch geus loha pisan noe nerangkeun dina teu soerak kabar toer geus sakitoe naratna, malah kabehdi euakeun mah beuki karasa bae. Tapi sakitoe deui koering ge bet make hajang pipiloeun oeloebioeng tjara batoer anoe djsch pamocana, anging pamendakna tina perkara ieu manawi bahan kaimpi tinoe sisir harri toena bahan, sasih reun sabaunjeureun manawi aja goenana.

Mimiti, keur ajana onderemil-keur priboemi, ilma sadjabana ti kasoro' tanah geusan anangan kahiroepannana teh, deui ka wasna beuki aremboeng ngaloe arkeun pikirna kana hoeboera moeka tanah sorangan.

Ari sababna, kawasna bangsa oerang boga adat hajang koreh koreh tjok noe matak loempat ka contract, darasana has'ina kada har harita, sadajana diminggon keur atawa dibeloelkeun ge, ka toerog' ngarasakeun kana hasil na waktoe' ieu noe sakieu modjretna, babakoena pare kala pa djeung teh, angot sampoe djambe djeung roepa-roepa palawidja djaba ti eta ti eta mah, meh teu aja hargaan.

Ajeuna oerang ngalirik kana paosahaan, ngala loek tjai (ti laot). Koelantaran di oerang kawasna tjan aja perobot noe modera, djadi karasana koe noengdjalankeun teh katijda handjaba. Djadi koelantaran eta teh nepi ka sok radjeun nimbaleun keur ketjap, teu oeroep kana tjapena ge da tjajah tara beu-beunangan tee, toengoenana teu didjarankeun enja-enja.

Laek darat (balong) rata rata bangsa oerang mah, ngan woeng koel keur niojokan pangaboe toeh noe ngadadak bae, kapapa teuna djeung hadadjaran, teu bisa didjieu proesahaan noe tang toeh, nepi ka barogana balong teh djaga pisan balong pelisir, meureun eta teh koelantaran tjan kapanggih pisan stoeranana miara laek tisi, noe ahirna matak bisa ngadatangeun kaon toengnan, anoe angger.

Ngalirik deui kana pakasaban anoe sedjen, saperti: kana bantakan, tinocnan djeung salian ti eta roepa-roepa karadjinan. Bareto bantakan boeatan Tasi-kmalaja katijda mashoerna nepi ka bisa ngarendeng madjoe na djeung Jogja atawa Banjoemas, njakitoe deui boeatan Oeroeg-Soekaradja oge.

Ari ajeuna dilirik-ilik kawasna bet beuki loba boekti-boekti toonden ragragan kamadjoen eta bantakan, meureun eta teh tjajilan, pang katijda moendoerana ngan koe ajana bantakan boeatan deungeun, noe nepi ka bisa ngatoer harga di handap pisan, toer dina roepana mah meh teu aja bedana. Ari pangna bisa ngadjoelan leuwih meorah, tang toeh batoer... jeu oer ngabaroga

an pakakas noe leuwih ngen teungkeun kana migawena djeung kokobotna.

Noe katembong masih keneh djalan lakoena ka oenggal tempat, minangka bocat Indonesia mah ajeuna ngan boeatan Karet (Batawi) sadjaha ti eta mah ka wasna dina waktoe ieu teh keur katijda geringana, nepi ka aja noe njebeukeun, keur hese pa joena teh, arl radjeun aja noe nawar-nawar, meh ladang teu tjekoeup kana kokobot? Koema ha ngakalanana?

Sandina boga rasa leuheung keneh koe kadesechna batikan teh, da baroga keneh peroesahaan tinocnan, noe masih weuteuh atjan kasoro koe bangsa sedjen, salian ti Palembang noe bararodas mah, asal daek ngadjalankeun toer radjin ngamadjoekuanana. Tapi kabehdieuna keur geus djol deui bae datang boeboeatan batoer noe njeples pisan djeung sarong tinocnan boeatan oerang. Kana moendoer na tinocnan boeatan oerang geus meul boe, da poegoch batoer mah bisa ngadjoel senang (lau taran baroga parobot noe ngaganjangeun te. T.) toer geus beunang ngapoeu sarta geus herang.

Ajeuna geus aja deui bedja noe matak pikahorameun engkena, tjajah oerang Djepang rek ngajakun pabrik tinocnan di poelo Djawa.

Lamoen enja ieu bedja, sok tada teuing ting karolopkna djalma djalma noe sok radjeun tjoclok tjoclok toeran tinocnan, tjajakan kakara koe dikirimkeun beunang tinocnan ge (tinocnan nagrina), geus sakieu boektina angot lamoen geus tinocna di oerang pisan.

Koemaha ari toekang toekang daganana?

Pikeun oerang priboemi mah boh toekang njeunna, boh toekang toekang ngadagankeunana nja satali tiga oewang bae, noe malasar di pasar pasar ngan bisa dasasar bae, da djoedjoelan mah koesoet koe atoeran obral, noe assina pangatoeran batoer keneh.

Noe naroko boh bantakan boh barang klontong, oekoer ngadjem pro, da loba teuing bangsa deungeun noe narokona, noe skalna leuwih pinter batan oerang. Noe ngider ngampoeng kapilemboernan teu koe hanteu deui bae, da loba credit oerang Tioughon noe datang ka saban imah.

Sanggeus kieu kana ason deui pitjabekuanana oerang priboemi? Rek daganan bet kantoen hoctang, kana tani kari dakt, melak laek woewoch ripoch malawidja ting gal igan. Sakitoe deui ngan rek nga dedengekeun djeung ngararasa keun bae, koemaha geletoeck baroena ketjeboer tjaina. Saha noe wadjib noengtoen economie na oerang priboemi?

Twoe

## Kadjadiannana katjilakaan.

Malem Rebo 11 Maart (keur dina hoedjan keneh), geus kate ngen jen palajanganana eta sitoe beulah ti Wetan bedah. Koe kadjalan kitoe djalan beulah ti Wetan kabawa palid sarta sang geus rada ipis djalan oge ngiloe rempag. Mimiti katangen ti satengah 8 keneh sarta kira kira poekol 11 leuwih, mimiti sabagian tina eta djalan roegroeg. Ass. res. Tjandjoer kitoe deul veldpolltie djeung pangoeng noe sedjen dioengnagan, sarta ganjang bae saroepling matakun sarta sarta sakoer noe perloe. Perdjaganan politie tjoc koep, pangpangan ngadjaga toetompakan antaran Tjandjoer via Poentjak.

Sapeuteuing bendoeannana (djalan) noengtoet oeroeg sarta kira-kira poekol 4 koerang geus ngedjadikeun hidji djoengkrang noe pandjangan moel koerang ti 120 M.

Kitoe deul sitocna saat, sarta sanggeus beurang katangen jen eta sitoe djeroana 30-40 M.

Sarta koe sangkaen geus tang toer mah ngaleagan sarta ngadjeoran keneh.

Koe bedahna eta djalan kabel listrik Tjipanas Tjimatjan pegar, sarta ngadjadikeun karoeplanana ka hotel Sindanglaja kitoe deul ka oerang Tjimatjan, koe lantaran teu katjilakaan.

Kabehdieunakeun tancuh noe oeroeg masih keneh teroes. Sar ta kapaksa moenggoeh noe loe makoe koedoe ngoeriling make djalan Tjipanas-Bengkok-Tjimatjan noe djaoehna moel koe rang ti 3 pal.

Aja bedja dina peuting eta tjai di palebh lemboer Slaawi meh nengah imah, sarta 2 moending geus djadi korban kabawa palid.

Kitoe deul bedjana Prov. Wasteraat rek baharengan djeung regentschap baris ngomean ka roeksaan-karoeksakan tea. Ka boektian pikeun saheulaanan keur noe loemakoe djeung toetompakan noe teu sakeumaha beurnana, di palebh Djeprah djeung Babakan, ngamimitian di ajean sasak awl. (Butterflij).

—o—

## Ti Tjamis.

### Landraad Tjiamis.

Dina poe Kemis kamari Landraad geus moetoeskeun perkara rana:

a. Karta alias Isak oerang desa Sockakerta lantaran geus maling barang, poetoessana di hoekoem 6 boelan.

b. Hasan Iha oerang desa Soekhardja, salahna geus maling, hoekoemanana diboel 2 boelan.

c. Sie Tjeng Joe oerang Brebes, salahna lantaran ngadja lankeun autobus gagabah geus noebroek kana tembok djambatan Tjireong, didengda f 35 atawa hoekoem boci saboelan.

d. Hasan desa Kertaboemi, didakwa geus maling embe, di hoekoem 9 boelan, tapi sakitan Tawin dilepas lantaran koerang kateranganana noe netelakeun kana dosana.

### Kasanehan djaman.

Hidji aweu Indonesia oerang desa Tjibaneng onderdistrict Tjibalong (Tasikmalaja) dina sawatara poe katoekang geus ngalahirkeun 3 baji, kabehanaana aweu. Kitoe sihoreng kawasana noe Agoeng, moega bae eta boedak pandjang oemoerna. (S. D.).

### Kageleng autobus.

Dina poe Minggoe kamari 1 lalaki ngaran Mardai oerang kampong Sedekan desa Soekaradja (Tjiamis) di jalan palibah H. I. S Tjiamis geus kageleng koe autobus anoe make merk "Tjinta Setia".

Ari noe djadi lantaran kieu: Mardai anoe harita keur boeboeroeh noer tangkal kalapa, barang eta tangkal kalapa rek roeroeh, koe lantaran manehna sieun katinggang, toeloeloe loempat ka djalan. Ti Kloenon autobus detang, nepi ka manehna teu kaboeroe ujingkahan bahja djeung soepir henteu kaboeroe ngerem, nepi kerlesna ningping na kageleng. Harita keneh teroes dibawa ka roemah sakit Tjiamis.

Anak pamadjiannana, moel boe ngarep ngarep pagilirin beunang koe, ahir ahir noe ditoeenggoe toenggoe teh meunang bahja. Karoena.

## Geledoege.

-Dina Sip. toekang geus aja noe ngawarkeun, jen pesta di Pandjaloe baris aja menak anoe digotoeng.

Koelantaran koe koering mah perkara eta teh dianggap noe loear biasa modelna, djaoeh-djaoeh oge didjoegdjoeg hajang nga boektikeun.

Kamari poe Minggoe koering katoer sabatoer-batoer geus da tang ka Pandjaloe. Barang prak na dina Iring-Iringan koering tempa-tempo, mana menak noe digotoeng teh, tepi teu aja geunling. Hatoer noehoe ka Comite di dinja reh karep anoe sakitoe mintjoelak teh henteu kadjalan.

Koe sadajana tangos kaocilnaga, Pandjaloe teh kening di sebakkeun kampong, toer tanah pagocoean. Tapi katijda aneh na bio kaget bet pohara lobana tjajah tjek noe nisararita mah noe sok toekang boeboeroeh bari ngadeng' nani pasoolibre ngan, da sakaterang, djaman samemeh 3 taon katoekang mah teu kitoe, malah aja noe ngang go lornjet sagala ras bae asa di kotta.

## Haritanen.

Dina karasmanan iring iringan di Pandjaloe, aja noe sareukeun pisan kintendjone, niasi aja la laki makena mintjoelak. Biwir na direka oge soewing, biwir toehoer dikerong koe rara ka loehoer, siraha dikerok saponong, henteu dibadjoe djeung lebah soesreo' diboeungkeun koe karembong. Mangkang di na waktoe eta henteu koerang semah anoe ngadengdeug ka dinja.

Iraha aroeh rek leungitna lam pah ngahinkeun bangsa teh.

## Pesta Pandjaloe keneh.

Noe matak aja pesta di Pandjaloe teh, njeueta meateken si toe Lengkon (Pandjaloe). Tapi dina prakna pesta di sisi sitoe mah teu aja pisan kamoeses, teu bandera bandera atjan, beunane oge di barakeun eta sitoe teh minangka pangantenna oepa ma dinoe kawlo tea mah, geuning sok aja tjirina.

Dina programna diseboerkeun bari moepoh sitoe Pandjaloe kalawan saha noe daek moel koengsi majar.

Ti Tjiamis teu koerang noe mawa heurap, ngan handjakal noe dipoepoehna teh beulah ko ler, anoe pinoech koe gaggeng, atoch heurapna ngan oekoer ngambang lochoereun ganggeng.

Tjapena loear biasa, tapi loepoet teu meunang hidji' atjan. (Bangkong).

—o—

## Ti Garoet.

### Tooneel Haroeman di Kadoengora.

Dina tanggal 13-14 Maart di Kadoengora geus aja noe ngaja keun tooneelvoerling njokot latakon "Salah Wesel", ari beu beunanganana keur derma ka sakola Pasoendan tjabang Leles. Tjajakan harita hoedjan mah, noe laladjo mokaha oge, kawas na aja eta lantaran oerang dinja tjek Malajoet tea mah soe da h i n a s a f geus ngaril kana kaper loean oemoen.

Dina prakna maen henteu matak ngerakeun, oenggal speler pada boga actie nepi ka dina bobodoranana mah rea noe see leun lantaran seuri teuing.

Noe noelis katijda nganoehoeunkeunana ka soegri noe parantos oesaha ngajakun eta too neeloepvoerling, kitoe deui ka sa daja noe parantos ningali eta kamoesan, kersa miujeun waktos sareng ngaloekeun eust dompeta.

Moega moega eta roengselve reengling sing tiasa lambat lam boet oemoerna, sareng moega moega sakola Pasoendan di Leles tereh ngadeg. (I.K)

### Alap-alap post-wissel.

Ajeuna-ajeuna di Kadoengora keur neungan katerangan koema pinango hidji postwissel ti Balikpapan ka adres H. Sobandi oerang kampong Boeieud nepi ka leuglit teu aja emboesana na.

Arl mimiti kana kieu: Ding boelan November hulp postkantoor Kadoengora narima wissel ti Balikpapan gedena f 36.50 keur ka adres noe kase boet di loehoer. Ti postkantoor toeloeloe dikirimkeun ka kantoor

katjamaan make expedite sa koemaha biasa. Heuleut sawatara poe eta doeit geus aja noe njokot ka kantoor post malah doelona ge geus dipasrahkeun ka noe njokot.

Dina minggoe toekang noe ngirim doeit njocratan ti Balikpapan nanjakeun doemeh geus sakitoe lisona atjan keneh bae aja bedja katampa henteuna.

H. Sobandi tea ngarasa heran, doemeh teu nampa postwissel, toeloeloe dipapaj ka kantoor post, sidik ari ajana mah ngan doelona aja noe njokot.

Politie nepi ka ajeuna atjan meunang katerangan, ngan tang toe moel lila oge noe boga do sana bisa kapanggih, toer perkara kieu teh bedjana geus... doe titoe kalina.

Matak karoenja ka noe ngirim na, tjajah eta doeit ten keur ka pamadjiannana pibaludjeuu djeung keur majaran hoetang, kuri-kuri ajeuna bet kitoe.

Kasalahan doeka di saha njokona, da hulpposcommies mah pangwani majar teh doemeh geus aja tanda ti desa djeung ajawis ti kerdjamat. (Kijker)

## Pasoendan Tjabaeng Leles.

Katijda pisan matak reugreug na 'koe Pasoendan Tjab. Leles, anoe dindogkeunana kakara dina 1 December 1930, oedjoeg' tembong bae aciena teh kakara oge moentjoel bet oedjoeg oedjoeg geus rek ngadegkeun sakola nja eta H. I. S sareng Schakel, pa dahal ledenna mah saeutik keneh, atjan meudjeuhna.

Tapi koe sabb Bestuur Bestuur sarwoeh ledenna katijda sosen sosonna kana kawadjiabna pada hajang nembongkeun kuja kuanana, eta sakola teh moel salah deul dibokkana teh dina 1 Juli 1931, tempatna di Kadoengora sisi djalan kareta api. Dina waktoe ieu djoeragan djoeragan bestuurna sareng ledenna pasalebroengan propaganda ngi liri moerit sareng ngilari piwa tagaduanana 'koe djalan ngidrekeun lijst derma, sareng seueur seueur deul. Saadjan loba rintangan ana ajana sakola Pasoendan di Kadoengora, nepi ka aja noe sicuneun kabekleun pimoe rdeun. Tapi eta sakola geus moel salah deui baris boekti dina 1 Juli 1931. Diantawis djoeragan djoeragan saha noe bakal masihan derma ka sakola Pasoendan di Kadoengora? (Kijker)

—o—

## Weekblad Soenda di Soekaboemi tea

Dina Sipatahoenan tanggal 10 Maart 1931 aja bedja tina hal weekblad basa Soenda noe baris kaloeur dina boelan April tea. Di dinja diseboekeun jen noe djadi redacteur djeung promotordia teh ditaksir djrg. D. Soekardi, tapi noeroekeun soerat ti andjeunna mah qua peisoon atawa qua bestuur Pasoendan sama sakell henteu, djadi lain andjeunna.

Noeroekeun bedja noe pang pandeurina eta blad teh moel gagal deul tangroe bakal bisa kaloeur dina boe'oe April noe Jeukeur, ngan ngaranana atjan ditangtoekun keur di'arimbang noe panghadana diantara "Galih Pakoan" djeung "Tameng".

Nadjoel saha bae oge noe ngamoedina atawa noe djadi promoiurna oerang Soenda koe doe pada atoh, doemeh sadjabana ti Sipatahoenan aja deui tarompet Soenda geusna ngobrehkeun tjata tjajaaa.

## Meunang panjakit.

Weekblad basa Malajoet "Bin tang Priangan" noe dikloeurkeun di Garoet sarta dihoedre dacturan koe djrg. Soekirno, pikeun saheulaanan distop heula, tjajah lantaran aja panjakitos.

Panjakit di deui henteu koe doe dibodaskeun deui, da soerai kaba, mah hitroepna teh, ngan koe doeit.

Tjenah ajeuna keur diichitiran, soepaja eta blad teh bisa dikloeurkeun di kota Bandoeng.

## Kabongkaran.

Dina malem Salasa kamari Limoendfabriek "De Gouden Sier" di Salakso geus kasoepan deui koe semah anoe henteu diroep-arep.

Hadens henteu aja barang anoe dibawa, doe peti diroeksaak rek dipaksa diboecks, tapi henteu bisa moeka, nepi kapaksa eta bang sat teh koedoe baik lengoh bae.

Keur djaman teu pabrik aja di Tjiamisweg keneh oge koeng si kapalingan, ngan harita mah rada moendel.

Oerang koedoe pertjaja kana pasaloengitkana politie!

—o—

## Panjakit pest di Priangan Tengah.

Noeroekeun epidemierapport gemeente Bandoeng nepi ka 14 Maart kamari kieu:

Typhus abdominalis: restant 11 Europa, 10 Indonesiers, 3 Tionhoa, karambahan deui koe 6 Europa djeung 2 Indonesiers noe tjageur 1 Europa, 4 Indonesiers djeung 1 Tionhoa.

Bacillaire dysenterie: restant 4 Europa, 4 Indonesiers, katambah koe 2 Europa noe tjageur 1 Indonesier.

Diphtherie: 5 Europa, 1 Indonesier katambahan koe 1 Indonesier.

Pest: katambahan koe 2 Indonesier tapi doeanana mirasot.

Noeroekeun rapport sa-Priangan Tengah:

Typhus abdominalis: Tjiamahi 1 djeung di Tiwidjei 1.

Pest: Tjiamahi 3, Tjwidjei 2, Pasirdjamboe 1, kabehanaana Indonesiers nepi ka hanteuna.

## Indonesia

### Blanda sopan?

#### A la Lettinga

Sawatera poe katoekang (4 Maart) ka desa Tangoen, onderdistrict Nalgek, regentschap Blitar, aja mobil Buick merk A. G. No. 2495 ngadon eureun, ditoempakan koe doe blanda, anoe digawena hidji ajadi cipier boe', hidji' deul djadi directeur ti salah sahiji dienst di Blitar.

Waktoe harita kira kira poe koe 3 beurang, ari mistina mah eta doe Blanda teh masih koe doe ngadjalankeun keneh kawa djibabana.

Pikeun oerang Blitar mah ka maranchanana moel aja anoe hireuk, jen eta doe Blanda teh boga pamadjiakan djeung anak.

Sadarangna ka tempat anoe ka seboer diloehoer, eureunna teh hareupeun pisan hidji waroeng, sarta kabeneran harita aja Gloria Swanson made in Indonesia, eta doe Blanda henteu tilangke toeroen tina mobilna njampeur keun ka waroeng tea.

Si manis ngadenge eta oeler berkeki doe narita, nerangkeun jen maranchanana digawe ti dienst Pest besirjiding, pang da tang ka dieu, tjajah mah rek mariksa ka imahna eta aweu (tranda, boga anak hidji). Teres bae eta aweu teh noeroerkeun eta Blanda, sedeng Blanda anoe hidji desi (cipier boe) ngadago an di waroeng.

Dasar eta Blanda keur gede wisitna, sadatang ka imahna aweu, njampak euweuh sahasaha, sabab indoeeng bapana keur indit inditan, ngan aja hidji tatanggana lalaki bae, anoe nungenankeun ka eta Blanda dstant, manehna teroes anoe: Toean datang ka dieu aja perlone nonn?

Blanda: Meneh saha djeung rek naon?

Tatangga: Koering mandor irrigatie, hajang terang bae.

Blanda ngadjawab bari ambeuk: Je, engke maneh diklukeun ka doenoengan maneh. Njaritana kitoe teh bari teroes soep ka djero imah, sarta maksa ka eta aweu soepaja daek sare reu-reudjeungan, ngaloebarkeun pamaksodan sajjara ka kabina tangan.

Sateka polah eta aweu nolak kana sakeumaha pamentana, malah rek gegeron, tapi henteu bisa, lantaran leungeun djeung soengoeuna dibekem koe leu ngreun si Blanda (noeroerkeun pangakoeanana si aweu waktoe nipuriksa di bale desa).

Sanggeusna sanghang djam 'lilana, eta imah didatangan koe salah sahiji djalma desa, sarta didinja Romeo djeung Julia ditangkep.

Blanda batoerna tea ngadenge, sarta nendjo loba djalma datang rek mantoean angkep ka collogona, manehna noeroerkeun da tang njampeurkeun ka eta tempat. Sadatang manehna ka dinja koe salah sahiji djalma ditoeja: Saha ngaran batoer adjeun anoe aja djero kamar teu?

Manehna mere djawaban kala wan teteup (met stalen gezic):

## Priangan

### Ti Tjandjoer.

Katjilakaan saram di Sindanglaja Site Tjiamis bae da h.

Dina ieu s.k. geus mindeng katjaritakeun kaajaanana sitoe noe kaseboet di loehoer, koe lantaran kasohorna koe noe djaoeh, babakoena koe Walanda Walanda, sarehna ieu sitoe di pake "badplaats".

Sakoemaha noe geus diwawar keun koe s.k. sedjen, bendoe oganana, ieu sitoe noe dipake

djalan Tjandjoer—Bogor ngaliwari Poentjak, geus moesna kabawa tjai, koe lantaran toeroen hoedjan noe pohara.

Djalan noe roekak palebh dija kira-kira 60—70 M., sarta eta sitoe nepi ka saat pisan.

Koe lantaran ieu katijda tarik na, 3 sasak Rawabeloet, Selaawi dieung Kawoenghawoek oge ka bawala palid, noe 2 diantarana kalawar: koe djalan regentschap Marjwatite. Karoegian koe ka djalan bedahna eta dikira-kira moel koerang ti 10 mijil, sarta diadi karoeplan oge kana sawah swah, sarta noe moel katijalan moel koerang ti 400—500 bouw.

Djalan antara Tjandjoer—Buitenzorg sama sakali kapegat.







# ADVERTENTIËN

## GRAMOPHOON & PLATENHANDEL „DE HARP“

Singaparnaweg 45 — Tasikmalaja.

Salamina njajagikeun roepi-roepi parobot kaperloean muziek, anoe ditanggél ti asa njeomponan kana sanes kanton noe dipesen koe para djoeragan.

Roepi-roepi plaat gramophoon, sareng dina lagoe-lagoena oge ngabadi njajagian lagoe anoe dina waktos ieu mah keur meudjeuhna dinikajitna, sapertos: Sprekende Ilim, Djawa, Soenda, Malajoe, Bobodoran sareng sadjabina ti eta.

Soenda ngaboektikeun teu langkoeng sae  
Sateuacan ngagadjeunna teu langkoeng sae  
Sateuacan ngagadjeunna teu langkoeng sae

Heermatna  
noe ngadjeng-ngadjeng.

## SOENGGEMAN GLOENG

Titina hidji boekoe noe ajeuna noedjoe dititak,  
KARANGAN

### Narajana

Noe keranganana koe sadaja noe maraos parantos ka oeuina dina ieu serat kabar dina bagian LELESON DINTEN MINGGOE. Pangasna moeng f 0,30. Sadajana langganan anoe njeudikeun nomer abonena, tiasa moendoet ieu boekoe di-bon, artosna ditambahkeun koe ongkos nein oen, disarengkeun sareng waragad Sipat-hoensa. Noemoetkeun kapalajna noe ugarang, kekengingana tina ieu boekoe kange ngadeudeul kana fonds drukkerij. Oetami pisan pida ngadeudeul, pasedeur-seueur madjeng keun. Ka soegri anoe moendoet bade dikitroenkeun boekoe dina ping 1 April 1931, doepi ka noe sanes langganan mah atanapi ka langganan noe pelaj ngantanan, kedah ngintenan heula pangasna disarengan koe plangkoseunana dina 5 boekoe tjekap — koe 5 sen. Pesenan kedah diadreskeun ka —

Administratie Sipatahoenan.

## Limonade merk Gouden Ster

Tjarilah selamanja itoe merk jaug selamanja ada beriken tanggoengan diri kwaliteit-nya teroctuma dari hal kareskaonja jaug ada dibawah penitlikanja Gezondheid Dienst. Bisa deper dari sarinja roepa-roepa boeah jaug se. gadja dipilih, harep pembelli tida sangsi lagi tjari selamanja itoe merk  
Temtoe berhasil.

Mineraalwater Fabriek „DE GOUDEN STER“  
Telefoon No. 114 — Tasikmalaja.

## TOKO TRIO

GOENOENG SABULAH 27 TELEPOON. 83  
TASIKMALAJA.

Nembe pisan katampi roepi-roepi kaperloean para djoeragan anoe ditanggél langkoeng enteng pembajaraana, diawisna Toko Trio parantos njajagikeun roepi-roepi kareta mesin ti noe pangawisna doegi ka noe pangmirahna, malah ti ngawitan sasih ieu tiasa njajagikeun kareta mesin weuteuh

F 27.50.

Kakiatan ditanggél sataoca.

Pesanan ti noe tebih salamina kedah remhours bac.

Salam miwah hormatna  
noe ngadjeng-ngadjeng.

Tengtrema ati Djoeragan-djoeragan istri? Moeng tiasa kalandongan . . . . . koe barang-barang permata kaloesaran ti

## TOKO INTEN

Juwelier & Goudsmederij  
Pusarweg 1350 Kidoeleun Mulooschool - Tasikmalaja

Koemargi . . . . . ?

Barang-barang permata Brilljant kaloesaran Toko Inten, sadajana bucatanana rapih, lemes, manis sinareng marodelel no. 1 matak tengtreng ati. . . . . Marga dipimipi koe achli anoe parantos praktik beuer, anoe parantos seueur pengalaman perkawis roepina model barang-barang mas permata Brilljant di nagara-nagara ageung.

Anoe mana? sanaos djoeragan-djoeragan teu tiasa ngatoer modelna kongkonan, eta teu sesah, tiasa diatoer koe Toko Inten doepi ka dijadi kabingahan djoeragan-djoeragan. Disajagikeun barang-barang permata Brilljant mas anoe beud sareng beresih beuer, sapertos: pinggel, Leontine, lelepen markis, panuh, soember-soember, roepi-roepi rante kaloes, Roepi-roepi barang perak: Horloge-horloge, Lontjeng Westminster, Wekker-wekker, wadati lemureun, roepi-roepi katja pigora, enz. enz.

Soepados djoeragan djoeragan meser oelah djantey kaswisan (kabekuk) tiasa dipasihin serat Garantie anoe tiasa di tampi deui (dipeser: deui) eta barang-barang moeng dipotong saadik.

Margina niandak sijstem oetueung alia soepados lakoena seueur margi oenggal minggo nampi Brilljant anjar.

Ditanggél mo tiasa kadochoeng barang-barang anoe dipeser ti

TOKO INTEN.

Kangge njakeun kana panjawat panas, poejeng, riut influenza, d.l.l. Henteu aja anoe langkoeng moestadjab sadjab ti:

## Acetylsalicylsäure - Tabletten.

### „SATYRIN“

Landong kiat . . . . . nomer wahid.  
Mangga tjabi, ditanggél matak samporna.

Tiasa kenging ti:  
CHEMICALIEN HANDEL  
v. h. Toko Nio Muller  
GOENOENG LADDE 15, TELEFOON 28.  
TASIKMALAJA



## BANDOENGSCHERIJ Chemische Wasscherij en Ververij

STATIONSWEG 30 NAAST G.E.B.E.O.  
TASIKMALAJA.

Toko wasscherij (toko tjoeji pakean) adanja di Bandoeng koerang lebih 10 taon, banjak toean-toean dan Njonja-njonia jaug kengken tjoeji pakean, dan trima dari laen tempat djoega, serta troes kirim dengan Rembours.

Mociai tanggal 10 Februari 1931 saia akan boeka Toko Wasscherij di Tasikmalaja, djoega Filial dari Bandoeng, ongkos ongkos bersaingan sama Bandoeng, seperti tjoeji:

Gabardin Plambit, Flanel, Wool, Donker Blau, Zal wool, Kamedja dan Japon. Tjoejinja itoe pakean pake obat soepaja tida loentoe atau roesak, djoega plek? bisa ilang. Malah bisa verv. (bikin baroe pakean jaug soedah toea menoeroet kleurnja).

Djoega bikin bersih topi Toean atau Njonja, ganti pita dan koelit, Stoppen (Tisi) pakean jaug soedah soeh menoeroet kleurnja kampa tida keliatan. Plisir (plo) soetra? boeat Rok. Dari sebab itoe soepaja Toean-tuean dan Njonja-njonia, mendjadi taoc, pekerjaan jaug terseboet di atas tanggoeng, back dan rapi.

Memoedjiken dengan hormat  
DE BEHEERDER.


## SANAOS DINTEN KEUR PANAS

— Djoeragan mosi ngaros galiga, —  
cepom! babun djoeragan dicusian hidji

## CHEWING GUM

WEDALAN

„ADAMS CHILETS“ of „TUTTI FUITTI“ (Goela Karet Sadjabina ngadamel seungit buham, salamina djadi sehat sareng oge tiasa mantoean kana ngantjoerkeun katoneangan dina lebet lamboet.



Ngabodaskeun wias,  
mosi njeri waos,  
ngiatkeun waos,  
koe nganggo

## CHEWING GUM

Wedalan „Adams Chiclets“  
of „TUTTI FUITTI“  
Noe pangsaena.



Dirjaj di saban toko provinsien en dranken pingasna moeng 6 sareng 20 cent bac. — Didamel koe

American Chicle Company — New York.

Sole-Distributors N. O. I.:

## TOKO AUW PIT SENG — MEDAN

Bijkantoren:

Weltevreden Tlf. 132 B. — Soerabaja Tlf. 2572 N. III.

## Padjengkeun Dagblad „SIPATAHOENAN“ koe djajian mangmilarikeun Abonne's noe saratia

## IMPLIK-IMPLIK

### HOETANG NJERI BAJAR PATI

Karangao.

A. KARNA WINITA.

TJIAMIS.

No. 11

159. Di Hotel geus doea ming goe, toeloj Enden Manah kawin, teras ngalih ka Tanahbang, njewana sopoeloh ringgit, Imam sareng Enden Mamah, taja damel moeng pelesir.

160. Saban minggoe sok ka Tandjoeng, ningali laot noe reami, sakapeung ka Loearbatang, djarah ka koeboeran wali, Imam ngaros boenggang.

asal miskin djadi moekti.

161 Asal blingoeng djadi tjoe koep, henteu njah kana doeit, rasa lain noe manehna, teu inget jen hese doeit, tambah koe Enden dioembar, sok tara pisan digeuing.

162 Beak poe ganti ninggoe, minggoe ganti-boelau deui, boelan koe taon gantina, Enden letep sili asih, geus tise laen tilana, di Tanahbang njewa boemi.

163 Enden Mamah toeloj njaoer, „engkang teu watir ka abdi, sagala emas-emasan, perhasan awak abdi, ajeuna geus seep pisan, koe pakgade mani ledis.

164 Lamoen engkang lampah kitoe, angger hamboer kana doeit, geura ke oerang Tjilaka, langtoe pinanggih pribatin,

tambah abdi kakandoengan, kapan geus dalapan sasih.

165 Koemaha lamoen ngadjoeroe, slang atanapi wengit, rja ngindjem? ka saba, da poegoeh oerang noenggelis, ajeuna mah soesreganan, ngilari damel noe pasti.

166 Soegan padjeng doea poe-loeh, bajaran dina sasasih, boh di toko boh di mana, asal padamelan noelis, oelah koeli naktak moendak, sakitoe abdi mepeling.

167 Goes Imam toengkoel mele nguek, geus roemasa enja aing, kana doeit hamboer pisan, sok resep teuing pelesir, „enja Enden isokean mah, engkang teh rek maksa indit.

168 Niat engkang rek boeboeroeh, soegan aja gawe toelia, lamoen taja di kantoran,

engkang enggeus gilih ati, kapaksa rek gawe kasar, m'at cra djangdjang-djingdjing.

169. Enkang oelah waka kitoe, ajeuna mah tj-b., njiar damel lemes heula, lamoen bac henteu hasil, engkang nelah terasana, anggoer sae moelih deui.

170 Kaljatoerkeun isoek-isoek, Agoes Imam geus ngaginding, pantalonna soetra ganas, dasi soetra boenggoer manis, soetra gading kamedjana, kaosna gae soetra gading,

171 Pendekna harita A: oes, nganggonna teu woedoe ginding, dasar salira sampajan, atoch nganggo soetra gading, beuki kasep katingalna, najasna pameunteu beresih.

172. Djeroet Imam ka loear toeroen, angka: henteu larak-lirik, djeg aja noe dipikiran, koljap datang ka Batawi,

ka toko-toko Walanda, soegan boetoeh djoeretoelis.

173 Harita geus wanji bedoeg, masih ngider di Balawi, kabeh toko enggeus boea, masing masing djoeroe: oelis. Goes Imam pik'na soesah, soep asoep ka waroeng kopi.

174 Ari eta noe ngawaroeng, koe Imam enggeus kataksir, siga-siga oerang Soenda, „tjik koelan meser tjikopi, bari gek dioek Goes Imam, njoesoet kcsang dina pipi.

S i n o m.

175 Agoes Imam toeloj nanja, ka toekang waroeng tjikopi, abdi rada asa-asa, akang sanes ti Tjiamis, sanes tjek toekang tjikopi, „poen mamang mah ti Tjian djoer, depi Aden ti mana? „wangoel Imam ti Tjiamis, nja ngoembara di dieu aja taonna.

167 Rorompok mah di Tanahbang, namoeng ajeuna teh abdi, atjan kenging padamelan, dieu ge wargoel ngaoering toke-toke disoengsi, soegan Toean Toko boetoeh, namoeng taja lowongan, „deudeuh“ tjek toekang tjikopi, „kamari mah Aanemer ngilari djalma.

177 Wireh mandorna kaluar, lamoen Aden kersa tjabi, angkat bac ka boemina, da tjekat di Kalipisir, oge mo' bireuk deui, katelah Aanemer haloe, djnengan Den Winata, noe beunghar di Kalipisir, andjeunna teh asal pitoein Soemedang.

Teraskeun.